

# Enjenyeri Sosyal

*Dekouvri fason pou rekonèt ak evite teknik manipilasyon enjenyeri sosyal yo.*

## 1. Kijan Atak Enjenyeri Sosyal yo Fonksyone?

Enjenyeri sosyal fè referans ak metòd ak teknik anakè yo itilize pou twonpe w pou w fè yon bagay ki sispèk, tankou divilge enfòmasyon pèsònèl ou oswa voye lajan. Enjenyeri gen syèk depi l egziste epi li apèn vin adapte l ak epòk entènèt la.

Objektif prensipal enjenyeri sosyal se manipile w. Men kijan yon atak enjenyeri sosyal fonksyone:

- Atakè a idantifye yon viktim epi li dekouvi enfòmasyon sou li
- Apresa, yo decide ki tip teknik enjenyeri sosyal pou yo itilize
- Atakè a fè viktim nan enterese epi li itilize diferan teknik pou manipile yo
- Atakè a konvenk viktim lan pou li bay enfòmasyon l oswa lajan
- Atakè a fin fè anak la epi li disparèt

## 2. Ki Kèk Teknik Enjenyeri Sosyal ki Genyen?

Atak enjenyeri sosyal eseye manipile w. Men kèk taktik ak teknik ki komen:

- **Bay tiz:** Atak sa yo eseye atire viktim yo ak fo pwomès bagay tankou telechajman gratis, sèvis gratis oswa prim
- **Entimidasyon:** Sa rive pi souvan ke sa a pran fòm fenèt piblisite ki gen mesaj enkyetan epi ki eseye fè w pè pou w ka divilge enfòmasyon oswa done w
- **Fwod Eskwokri:** Fòm enjenyeri sosyal ki pi komen sa yo manipile emosyon w atravè tèks oswa imèl epi yo eseye konvenk ou pou klike sou oswa telechaje yon bagay, oswa pou voye enfòmasyon oswa lajan ale. Fwod eskwokri yo souvan itilize yon ka dijans kòm deklannchè, men yo ka eseye fè w pè tou, jwe sou senpati w oswa atire w ak yon prim

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- **Pretèks:** Ak teknik sa a, yon atakè ka imite yon moun ou fè konfyans oswa yon figi otorite nan lide pou li jwenn konfyans ou epi pou fè w divilge enfòmasyon w
- **Eskwokri sible:** Kalite fwod eskwokri sa a sible yon moun oswa yon ti gwoup moun epi, pi souvan, li sanble soti nan yon moun yo konnen.

Note ke enjenyeri sosyal ka fèt san koneksyon toukòm atravè apèl telefonik endezirab oswa anpèsòn. Egzanp, kriminèl yo ka al fouye nan poubèl ou pou yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou ki soti nan fatra oswa eseye gen aksè ak yon bilding pou yo vòlè done oswa teknoloji.

### 3. Kisa Siy Enjenyeri Sosyal yo Ye?

Fè atansyon ak bagay sa yo:

- Demann oswa mesaj ou pat ap tann
- Demann ki ijan anpil
- Ou santi tankou y ap bay presyon pou fè yon bagay byen rapid
- Òf la parèt twò bèl pou se ta pou tout bon
- Ou remake fot òtograf oswa gramè ki etranj
- Mesaj la sanble efreyan oswa menasan

Sonje, enjenyeri sosyal yo ap eseye manipile w epi fè w aji san w pa pran poz, san reflechi oswa san panse yon fason kritik. Pa pran presyon pou fè yon bagay!

### 4. Kijan Ou Kapab Evite Enjenyeri Sosyal?

- Fè atansyon ak teknik anakè sa yo itilize yo
- Egzamine demann nan epi pa reponn touswit ni patisipe dirèkteman
- Reflechi sou pwòp repons emosyonèl ou - èske w santi w gen presyon oswa ke w menase?
- Pratike minimizasyon done epi fè atansyon ak ki enfòmasyon ou mete sou entènèt ak sa ou rann disponib pou lòt moun

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

---

- Pran abitud netwayaj modpas lè w itilize otantifikasyon ki gen plizyè faktè ak yon jesyonè modpas
- Pa ouvri pyès ki atache ni pa klike sou lyen ki soti nan sous ou pa konnen
- Jere paramèt sekirite kont ou epi netwaye pwofil rezo sosyal ou pou asire ke pa gen enfòmasyon prive oswa sansib la a.
- Toujou mete aparèy ou ajou epi enstale mizajou sekirite ki pi resan yo
- Destriksyon dokiman sansib yo
- Sovgade done w pou si ta gen yon pirataj oswa yon atak yon fo lojisyèl pwoteksyon

## 5. Fè yon Plan

Reflechi ak bagay ou ka fè pou pi byen sekirize kont ou yo ak enfòmasyon w epi pou evite tonbe nan pyèj enjenyeri sosyal. Itilize espas sa a pou reflekte: